

ANGAJMAN POU IZÒLMAN LAKAY NAN PWOGRAM ANTIRABIK

Tout moun ki gen bèt epi bèt la mòde yo oswa bèt la ka mòde yo gen obligasyon pou izole bèt la (yo) pou obsèvasyon maladi laraj pandan yon minimòm dis (10) jou. Depatman Sante Konte a/Kontwòl Bèt ka otorize izòlman lakay pou sèten bèt lè kondisyon sa yo satisfè ak lè ofisye k ap mennen ankèt la detèmine sa ap pi bon pou sante tout pati yo ak sante piblik la pou fè sa. Men tou, ofisye a ka egzije pou izòlman an fèt pi sevè.

Mwen menm, _____, mwen konprann epi mwen aksepte kondisyon ak obligasyon sa yo:

1. Bèt mwen an vaksinen avèk yon vaksen antirabik. Se yon veterinè lisansye ki ba li vaksen an. Mwen atache prèv la.
2. Bèt la ap izole bèt de lòt bèt epi l ap pran minimòm kontak avèk moun.
3. Bèt la dwe mare ak yon kòd epi anba kontwòl yon moun konpetan pou metrize bèt la lè li deyò pou egzèsis oswa soulajman, epi bèt la pa dwe kite kay la sof lè pou li resevwa swen ijans veterinè. Nan ka konsa, veterinè a ap resevwa avi pou izòlman an.
4. Tcheke sa ki apwopriye a:
 - ___ a) Depatman Sante Konte/Kontwòl Bèt ka gen aksè lakay mwen nan moman ki rezonab pou kontwole eta sante bèt la pandan tout peryòd izòlman an.
 - ___ b) Viktim nan ak/oswa moun li deziyen ka gen aksè lakay mwen, yon fwa pa jou nan yon moman rezonab, pou kontwole eta sante bèt la pandan tout peryòd izòlman an.
5. Si bèt la vin malad, montre konpòtman ki pa nòmal, oswa mouri pandan peryòd izòlman an, m ap fè (Depatman Sante Konte a/Kontwòl Bèt) konnen sa imedyatman. Si bèt la mouri, m ap remèt kadav la pou tès depistaj laraj.
6. Mwen rekonèt izòlman se nan dat _____ ak _____.
(mwa/jou/ane) (mwa/jou/ane)
7. Mwen rekonèt epi mwen aksepte yon mankman nan nenpòt restriksyon ak kondisyon ki enpoze pou peryòd izòlman an ka fè yo mete bèt la imedyatman nan yon nich oswa nan yon lopital veterinè epi depans yo ap sou kont mwen, epitou mwen ka responsab pou nenpòt sanksyon lalwa prevwa. Si se nesèsè, yo ka egzije yon egzamen pou yon veterinè fè. Mwen aksepte pou peye tout frè yo.
8. Mwen rekonèt epi mwen aksepte kondisyon ak restriksyon ki anwo yo epitou mwen dakò pou mwen pwoteje ak rekonèt inosans Konte _____, Depatman Sante, Konsèy Manm Komisyon Konte a, ak ajan oswa anplwaye li yo, kont tout reklamasyon, responsablite, oswa nenpòt kalite pwosè ki rive sou, poutèt, oswa akòz izòlman bèt mwen lakay mwen, avèk tou, men pa sèlman, depans ak frè rezonab avoka, epi si yo rele nenpòt ladan yo pou fè nenpòt peman ki dwe fèt sou nenpòt aksyon kont yo selon dokiman sa a, kidonk, mwen dwe konpanse yo epi garanti yo pou tout kantite lajan ki depanse.

Ap genven konsekans si mwen bay manti, mwen deklare mwen li tout sa ki endike anwo a epi enfòmasyon mwen bay ladan li se enfòmasyon ki vrè.

Siyati pwopriyete _____ Dat _____

Tanpri ekri ak lèt majiskil: Non _____ Nimewo telefòn: _____

Adrès _____